



KESYON YO POZE SOUVAN YO

Renouvèlman Elijibilite pou Medicaid la ap retounen

1ye avril 2023

FAQ sa yo disponib tou an Espanyòl ak Kreyòl ayisyen.
Itilizatè TTY yo: 1-855-889-4325.
Lòt lang yo: 1-866-843-7212.

Resous pou Sèvis Kliyantèl:

- Inite Relasyon ak Kliyan an nan (302) 571-4900, Opsyon 1 oswa 1-866-843-7212 (Lendi jiska Vandredi, 8:00 a.m. rive 4:30 p.m.)
- Rapòte yon chanjman nan enfòmasyon pou kontakte w: 302-571-4900, Opsyon 2 (Lendi jiska Vandredi, 8:00 a.m. rive 4:30 p.m.)
- Renouvèlman Anliy Resous Medicaid yo: de.gov/medicaidrenewals (an anglè)
- Pòtay Asistans Delaware: <https://assist.dhss.delaware.gov/> (an anglè)

Kisa elijibilite renouvèlman ye?

Yon renouvèlman elijibilite, ki rele tou renouvèlman Medicaid, se yon pwosesis ki tcheke pou wè si yon manm toujou elijib pou Delaware Medicaid chak ane. Tchèk sa a obligatwa federalman.

Poukisa renouvèlman elijibilite yo pa te obligatwa pandan 3 dènye ane yo?

Anvan Ijans Sante Piblik (PHE) COVID-19 la ki te deklare an 2020 an, Delaware Medicaid t ap voye bay manm Medicaid yo yon fòm renouvèlman kalifikasyon pa lapòs prèske nan menm peryòd la chak ane. Pandan COVID-19 PHE a, renouvèlman yo pa t obligatwa, epi manm yo t ap sèlman pèdi pwoteksyon si yo te mande pou fèmèn, si yo te mouri oswa si yo te deplase yo andeyò eta a. Sa te vle di ke Delaware te oblije kontinye pwoteksyon Medicaid pou manm yo, menm si kalifikasyon yo te chanje. Piske kouvèti Medicaid pa te kapab kanpe, renouvèlman kalifikasyon an pa te obligatwa.



Poukisa renouvèlman kalifikasyon yo ap rekòmanse an avril 2023 si Ijans Sante Piblik (PHE) COVID-19 toujou an plas?

Dènne lwa gouvènman federal la te siyen an te fikse yon dat espesifik pou rekòmanse renouvèlman kalifikasyon Medicaid yo, malgre PHE COVID-19 k ap kontinye. Sa vle di renouvèlman Medicaid yo pa gen rapò ak COVID-19 PHE ankò epi yo ap rekòmanse le 1ye avril 2023. Si w vle li lwa a, ki rele Consolidated Appropriations Act, 2023, [klike la \(an anglè\)](#).

Kisa mwen ka fè pou m pare m pou renouvèlman kalifikasyon mwen an?

Bagay ki pi enpòtan ou ka fè kounye a se asire w ke Delaware Medicaid gen enfòmasyon ajou pou kontakte ou kounye a, epi asire w ke ou rapòte tout chanjman nan non pou oumenm ak nenpòt moun lakay ou. Enfòmasyon pou kontakte ou gen ladann adrès postal (yo), adrès imel (yo), ak nimewo telefòn (yo). Si w resevwa yon lèt renouvèlman, tanpri swiv enstriksyon yo anvan dat limit ki nan lèt ou a.

Si non w oswa enfòmasyon pou kontakte w yo chanje, ou ka rapòte tout chanjman yo nan:

- Konekte sou [kont ASISTANS Sèvi-Tèt](#) ou a
- Rele Sant Rapò sou Chanjman an (302) 571-4900, Opsyon 2 (Lendi jiska Vandredi, 8:00 a.m. rive 4:30 p.m.)
Itilizatè TTY yo: 1-855-889-4325
Espanyòl, Kreyòl ayisyen, oswa lòt lang yo: 1-866-843-7212
- Faks (302) 571-4901

Èske tout moun pral oblije ranpli yon renouvèlman kalifikasyon nan mwa avril 2023?

Non. Renouvèlman kalifikasyon yo ap rekòmanse an avril 2023, men se pa tout moun ki pral jwenn renouvèlman yo an menm tan. Chak manm Medicaid ap jwenn yon renouvèlman nan yon moman ant avril 2023 ak avril 2024.

Kouman pou mwen konplete renouvèlman kalifikasyon mwen an?

Delaware Medicaid ap eseye trete renouvèlman w lan anvan san li pa kontakte w. Si ekip nou an ka verifye kalifikasyon w pou Medicaid ak enfòmasyon yo genyen ki disponib lan, w ap senpleman resevwa yon lèt pa lapòs pou fè w konnen renouvèlman w la fini epi si w toujou apwouve pou pwoteksyon swen sante.

Si nou pa gen ase enfòmasyon pou verifye kalifikasyon ou, w ap bezwen ranpli yon fòm renouvèlman kalifikasyon epi/oswa bay dokiman pou verifikasyon anplis. Y ap voye fòm sa a ba ou, ansanm ak yon lèt ki gen enstriksyon espesifik ak yon dat limit.



Ou ka ranpli fòm nan anliy atravè kont [ASISTANS Sèvis-Tèt ou \(an anglè\)](#) a. Oswa ou ka ranpli, siyen, epi retounen fòm nan pa lapòs, pa faks, oswa an pèsòn.

E si mwen bezwen èd pou ranpli fòm renouvèlman mwen an oswa mwen bezwen èd nan yon lòt lang?

Si w bezwen èd pou ranpli fòm renouvèlman w lan oswa si w bezwen èd nan yon lòt lang, ou ka kontakte biwo ki endike sou fòm renouvèlman w lan.

Ou ka rele Inite Relasyon ak Kliyan an nan (302) 571-4900, Opsyon 1 oswa 1-866-843-7212 (Lendi jiska Vandredi, 8:00 a.m. rive 4:30 p.m.). Itilizatè TTY yo: 1-855-889-4325. Lòt lang yo: 1-866-843-7212.

Mwen pa t resevwa yon lèt pou renouvèlman kalifikasyon. Kisa mwen ta dwe fè?

Premyèman, asire w ke enfòmasyon pou kontakte w yo ajou ak Delaware Medicaid. Enfòmasyon pou kontakte w gen ladann, non w, adrès postal, adrès imel, ak nimewo telefòn.

Si non w oswa enfòmasyon pou kontakte w yo chanje, ou ka rapòte tout chanjman yo nan:

- Konekte sou [ASISTANS Sèvi-Tèt \(an anglè\)](#) ou a
- Rele Sant Rapò sou Chanjman an (302) 571-4900, Opsyon 2 (Lendi jiska Vandredi, 8:00 a.m. rive 4:30 p.m.)
Itilizatè TTY yo: 1-855-889-4325
Espanyòl, Kreyòl ayisyen, oswa lòt lang yo: 1-866-843-7212
- Faks (302) 571-4901

Si ou toujou gen kesyon, rele Inite Relasyon ak Kliyan an nan (302) 571-4900, Opsyon 1 oswa 1-866-843-7212 (Lendi jiska Vandredi, 8:00 a.m. rive 4:30 p.m.).

Itilizatè TTY yo: 1-855-889-4325

Espanyòl, Kreyòl ayisyen, oswa lòt lang yo: 1-866-843-7212

Kisa k ap pase si mwen pèdi fòm renouvèlman kalifikasyon mwen an?

Si w pèdi fòmilè renouvèlman kalifikasyon yo te voye ba ou pa lapòs la, rele Inite Relasyon Kliyan an imedyatman nan **(302) 571-4900, Opsyon 1 oswa 1-866-843-7212** (Lendi jiska vandredi, 8:00 a.m. rive 4:30 p.m.). Osito ou resevwa yon nouvo fòm pa lapòs, swiv enstriksyon yo pou nou kapab trete enfòmasyon ou yo.

Kilè m ap konnen si yo apwouve m pou pwoteksyon Medicaid?

Kantite tan li pran pou trete yon renouvèlman depann de si aplikasyon an konplè ak ki kalite pwogram Medicaid. Si fòm renouvèlman w lan konplè epi ou remèt tout enfòmasyon ki nesèsè



yo, epi Delaware Medicaid pa kontakte w nan 30 jou, tanpri kontakte biwo ki endike sou fòm renouvèlman w lan.

Mwen resevwa yon lèt desizyon. Kisa sa desizyon vle di?

Lè pwosesis renouvèlman an fini, n ap voye yon lèt ba ou ak desizyon an. Ka gen twa desizyon:

Desizyon 1: Avi pou Kontinye ak Avantaj Ou yo: Nou te tcheke enfòmasyon ou yo epi ou toujou kalifye pou Delaware Medicaid. Tanpri tcheke epi asire w ke tout enfòmasyon ki nan lèt la kòrèk. Si w bezwen fè nenpòt chanjman, swiv enstriksyon ki nan lèt ou a.

Desizyon 2: Avi Konsènan Asistans Medikal Ou: Nou te tcheke enfòmasyon ou yo epi nou detèmine ou toujou kalifye pou Delaware Medicaid, men yo te detèmine ou kalifye pou yon lòt kalite kouvèti asirans. Lèt ou a ap fè w konnen ki kalite pwoteksyon ou genyen kounye a epi l ap ba w enstriksyon si gen lòt bagay anplis w ap bezwen fè.

Desizyon 3: Avi pou Refize Asistans Medikal ou: Nou te tcheke enfòmasyon ou yo epi nou detèmine ke ou pa kalifye pou Delaware Medicaid ankò. Lèt ou a ap fè w konnen kisa pwochen etap yo ap ye.

E si mwen pa dakò ak desizyon Medicaid la?

Si ou pa dakò ke ou pa kalifye ankò pou pwoteksyon Medicaid la, ou ka kontakte biwo a ki nan lèt ou a ak kesyon sou desizyon an. Ou ka mande yon odyans [san patipri \(an anglè\)](#) tou lè w sèvi ak enstriksyon ki nan Avi pou Refize lèt Asistans Medikal ou a.

E si mwen pa kalifye ankò pou pwoteksyon Medicaid?

Pèdi kouvèti Medicaid ou a ka kraponnen w. Gen anpil resous ak òganizasyon ki ka ede w.

- Ou ka vizite [ChooseHealthDE.com \(an anglè\)](#) pou plis enfòmasyon konsènan plan asirans sante ki disponib sou Mache Asirans Sante a.
- Nan Delaware, gen de ajans ki gen anplwaye yo rele Navigatè Marketplace ki pral ede w aprann epi enskri nan plan sante yo sou [Mache Asirans Sante Federal la \(an anglè\)](#). Ajans sa yo se [Quality Insights \(an anglè\)](#) ak [Westside Family Healthcare \(an anglè\)](#). Yo ka ede w jwenn epi chwazi pi bon plan asirans sante a.

Westside Family Healthcare:

- Konte New Castle: 302-472-8655
- Konte Kent oswa Sussex: 302-678-2205



- www.westsidehealth.org/marketplace/ (an anglè)

Quality Insights:

- 1-844-238-1189 oswa www.DEHealthPlanConnect.com (an anglè)
- [Delaware 211 \(an anglè\)](#) (United Way) ka ede w konekte ak resous atravè eta a. Sèvis yo gratis, konfidansyèl e yo disponib nan plizyè lang.
 - Vizite sit entènèt yo a <https://delaware211.org/> (an anglè)
 - Rele 211 oswa nimewo gratis 1-800-560-3372 (lendi jiska vandredi, 8:00 a.m. rive 9:00 p.m. ak samdi, 9:00 a.m. rive 5:00 p.m.)
 - Ekri kòd postal ou a nan yon mesaj bay 898-211
 - Tchat anliy nan <https://delaware211.org/> (an anglè)
 - Voye imel nan <mailto:info@delaware211.org>

Kouman mwen ka abònè pou mizajou sou Delaware Medicaid mwen an?

Ou kapab antre sou [ASISTANS Sèvis-Tèt \(an anglè\)](#) pou w enskri pou w ka resevwa mesaj tèks/imel konsènan avantaj ou yo.

E si mwen gen plis kesyon?

Pou plis enfòmasyon, vizite de.gov/medicaidrenewals (an anglè)

Si ou gen kesyon jeneral sou renouvèlman Medicaid yo, ou kapab rele Inite Relasyon ak Kliyan an nan (302) 571-4900, Opsyon 1 oswa 1-866-843-7212 (lendi jiska Vandredi, 8:00 a.m. rive 4:30 p.m.).

Itilizatè TTY yo: 1-855-889-4325.

Lòt lang yo: 1-866-843-7212.